



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONE FINANSMAN POU PLIS PASE 700 KAY ABÒDAB  
ATRAVÈ ETA NEW YORK**

***Plis pase 236 milyon dola nan obligasyon ak sibvansyon ede elaji ak pwoteje  
apwovizyonman lojman abòdab New York la***

***Pwojè yo gen ladan yo devlopman nan rejyon Hudson Valley, Finger Lakes, ak  
Rejyon Kapital la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te atribye 236 milyon dola atravè obligasyon ak sibvansyon pou kreye oswa prezève 732 kay abòdab, ki bay sipò epi ki dirab atravè Eta New York. Finansman sa a pral elaji epi pwoteje rezèv lojman atravè kat devlopman ki nan Rejyon Kapital la, Finger Lakes, ak Hudson Valley. Pwojè yo pral renove ak modènize lojman piblik, konbat sanzabri ak sèvis sou plas ki kenbe popilasyon vilnerab yo an sekirite epi ki gen ladan karakteristik dirab ki fè avanse objektif klimatik Eta a.

"Mwen rete angaje pou elaji opòtinite lojman nan chak kwen nan eta nou an nan kad misyon administrasyon mwen an pou ogmante rezèv lojman ak abòde kriz lojman New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa a pral sipòte kreyasyon ak prezèvasyon plis pase 700 kay abòdab pou granmoun aje, veteran, ak fanmi yo epi soufle yon nouvo lavi nan lojman piblik ki gen anpil valè ki esansyèl pou fè New York vin pi abòdab ak vin pi bon pou tout moun."

Finansman yo anonse jodi a fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elèktrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Finansman an rive posib gras ak emisyon obligasyon sezon Oktòb 2023 Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki bay 149 milyon dola obligasyon pou lojman ki enpozab ak obligasyon ki gen egzanpsyon fiskal yo ak 86 milyon dola finansman sibvansyon. Twa nan pwojè yo akòde yo pral sèvi ak plis pase 2 milyon dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la pou reyalize nivo pi wo toujou nan dirabilite ak rediksyon kabòn. Lè l makonnen avèk finansman ak resous

prive adisyonèl, pwojè k ap resevwa finansman yo espere kreye plis pase 310 milyon dola nan investisman jeneral.

Tout pwojè yo satisfè nouvo estanda dirabilite HCR te etabli an 2022, ki ankouraje anvivonman vivab ki pi an sante ak bilding ki trè efikas epi ki sipòte objektif ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta New York la.

Opòtinite finansman lojman HCR yo fèt pou avanse inisyativ devlopman ekonomik lokal yo, elaji opòtinite lojman nan chak rejyon, konbat sityasyon sanzabri ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, epi ede fèmèn divizyon dijital la pou fanmi ki gen revni ki pi fèb yo, epi reyalize objektif rediksyon kabòn eta a.

Finansman an gen ladan:

**136 milyon dola pou akizisyon ak reyabilitasyon Griswold Heights pou konsève 392 kay nan Troy.** Devlopman lojman piblik ki gen 60 an yo enskri nan Rejis Nasyonal Plas Istorik (National Register of Historic Places) epi li gen 392 apatman abòdab nan 13 bilding de etaj. Griswold Heights ap devlope an patenarya ant Otorite Lojman Troy (Troy Housing Authority, THA) ak MDG Real Estate Partners LLC. THA pral kontinye jwe wòl jesyon pwopriyete li.

**72.7 milyon dola pou konstriksyon Center City Courtyard pou kreye 164 apatman nan Rochester.** Bilding elektrik ki fèk konstwi a pral ofri 164 apatman abòdab jis nan kèk blòk ak Inner Loop Rochester. Devlopman an pral gen ladan 95 apatman ak sèvis sipò pou veteran ki te eksperimante sityasyon sanzabri anvan, moun ki gen twoub abi sibstans, ak moun ki gen enplikasyon nan lajistis. Center City Courtyard ap ko-devlope pa HELP USA ak CSD Housing.

**54.2 milyon pou akizisyon ak devlopman Parliament Fairfield pou kreye ak prezève 103 apatman nan Rochester.** Pwojè a pral reyabilite 88 inite yon fason sibstatyèl nan de devlopman lojman piblik epi konstwi 15 apatman adisyonèl pou yon total 103 kay abòdab. Alafwa Fairfield Village ak Parliament Arms pral sibi anpil amelyorasyon efikasite enèji ak konvèsyon an chofaj ak refwadisman ki konplètman elektrik. Parliament Fairfield ap devlope pa Otorite Lojman Rochester (Rochester Housing Authority).

**47.2 milyon dola pou akizisyon ak re-itylizasyon adaptif Mary the Queen Senior Apartments pou kreye 73 apatman nan Yonkers.** Ansyen mezon retrèt Convent of Mary the Queen lan pral konvèti an yon devlopman lojman sipò pou granmoun aje ak 73 apatman abòdab nan anba lavil Yonkers, abòde yon bezwen kritik pou popilasyon granmoun aje Westchester ki ap grandi rapid la. Devlopman an pral gen ladan 52 apatman ak sèvis sipò pou Nouyòkè aje ki frajil oswa andikape yo. Mary the Queen Senior Apartments ap devlope pa Finian Sullivan Corporation.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "236 milyon dola yo ap envesti nan kominote atravè Eta a se yon lòt demonstrasyon ankò devouman Gouvènè Hochul pou abòde kriz lojman an epi fè New York tounen yon kote pou viv ki pi abòdab. Devlopman sa yo pral kreye oswa prezève 732 kay, ki gen ladan prèske 150 ki bay sèvis sipò pou gwoup vilnerab yo tankou veteran ak granmoun aje yo, epi yo pral ede satisfè bezwen lojman divèsifye eta nou an. Felisitasyon pou patnè nou yo, epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè sa yo amelyore plizyè milye lavi nan mwa ak ane k ap vini yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418